


# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Tembok  
Ageung  
Nehemiah



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Jonathan Hay

Disaluyukeun ku: Mary-Anne S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Persia, bangsa anu kuat, maréntah dunya.  
Jeung Raja Artahsasta maréntah Persia.  
Kukituna anjeunna janten pangawasa  
pangkuatna di dunya. Salah saurang  
pambantu penting raja  
nyaéta saurang urang  
Yahudi nu ngaranna  
Néhémia. Tugasna  
nyaéta pikeun ngaraosan  
tuangeun raja ambeh  
ulah karacunan.




Dina hiji poe, Nehemiah sumping ka raja kalayan raray anu sedih pisan. Raja hayang nyaho naon nu salah. "Duh raja, mugi Gusti hirup salamina," saur Nehemia. "Kuring hanjelu sabab kota tempat dikurebkeun bapa kuring geus janten ruruntuhan jeung gerbangna tos kaduruk." Nehemiah nyarioskeun perkawis Yérusalém, anu parantos ancur ku perang mangtaun-taun sateuacanna.



Raja Artahsasta mariksa, "Naon anu anjeun pikahoyong?" "Mugi abdi diidinan ka Yerusalem supados abdi tiasa ngawangun deui éta kota," saur Nehemia. Raja Artahsasta satuju. Manéhna ogé méré surat resmi ka Néhémiá pikeun ngajaga manéhna salami manéhna ngumbara.



Raja mantuan deui. Anjeunna masihan Nehemia surat pikeun Asap, anu ngajaga leuweung raja. Asap dititah nyadiakeun kayu sakumaha anu dipénta ku Nehemia pikeun ngawangun témbok kota.



Nalika Nehemiah sumping ka Yerusalem, anjeunna ngumpulkeun para pajabat kota, sarta ngadawuh, "Urang di dieu aya kasusah. Anjeunna nyarioskeun ka aranjeunna yén Raja Artahsasta nyatujuan sareng, anu paling penting, Allah aya di pihak maranéhna.



Iman jeung sumanget Nehemiah tangtu mere ilham jalma-jalma. Aranjeunna sapuk, saurna, "Hayu urang ngawangun deui." Nehemiah nyarios ka unggal kulawarga anu potongan témbok mana anu kedah dilereskeun.





Nanging, henteu sadayana sapuk pikeun ngawangun deui témbok. Aya hiji jelema ngaranna Sanbalat, jeung dua sobatna Tobia sareng Geshem, lain urang Yahudi jeung teu hayang




tembokna diwangun deui atawa gapura-gapurana dibenerkeun.




Nalika padamelan diteruskeun,  
Sanbalat ambek pisan. Manéhna jeung  
batur-baturna ngajejek urang Yahudi.




Saur Tobia, "Lamun maranehna geus rengse ngawangun eta tembok anu lemah ku hiji rubah leutik ditepak oge bakal reuwag." Nehemiah teu ngajawab. Sabalikna, anjeunna ngado'a supaya Gusti bakal nungkulan aranjeunna.



Nalika hinaan-hinaanna henteu aya pangaruhna,  
aranjeunna ngarencanakeun babarengan pikeun  
merangan Yerusalem sareng  
nyababkeun kasusah  
sabisa-bisana.




Kitu deui, Néhémiá ngadoa ménta tulung ka Allah. Anjeunna ogé nempatkeun penjaga siang sareng wengi supados aranjeunna henteu kaget.



Urang Yahudi digarawe sataker kebek, matak cape. Sababaraha jadi sieun musuh datang jeung maéhan maranéhna bari maranéhna digawé.

Tapi, Nehemiah henteu bakal ngeureunkeun padamelan éta. Anjeunna nempatkeun penjaga sabudeureun pagawé sarta ngingetkeun aranjeunna yen Allah aya di sisi maranéhanana sarta Allah leuwih kawasa ti sagala musuh!



Nehemiah  
nyobian janten  
conto anu saé.

Raja Artahsasta geus  
diangkat jadi gubernur  
Yerusalem kalawan  
hak pikeun menta  
dahareun jeung duit ti  
rahayat, tapi anjeunna  
henteu ngalakukeun.



Anjeunna ngan teras  
digawé babarengan  
jalma nu sanes nalika  
aranjeunna ngawangun  
deui témbok.  
Manéhna nganggo  
duit sorangan pikeun  
meuli dahareun.






Tungtungna, ngawangun témbok teh réngsé, ngan ukur panto-panto anu kedah dilebetkeun kana gerbang utama. Nalika Sanballet, Tobia sareng Geshem ngadéngé yén témbok teu aya lolong deui, aranjeunna ngarencanakeun pikeun nyilakakeun Nehemia.



Maranehna ngintun talatah ka Nehemia pikeun nepungan maranehna di hiji tempat anu disebut Ono. Tapi Néhémiá terang yén maranéhna rék nipu ambéh kaluar ti kota sangkan bisa ngarugikeun manéhna. Anjeunna nyerat deui nyarios yén anjeunna moal ninggalkeun padamelan pikeun nepungan aranjeunna.




Tembok teh  
réngsé oge,



Nehemia  
netepkeun pangawal  
pikeun ngajaga.



Anjeunna ogé ngadamel aturan yén gapura-gapurana henteu kedah dibuka dugi ka panonpoé sumping.



Sapeuting, aranjeunna kedah ditutup sareng dihalang.



Ayeuna teh kotana tos aman, loba urang Yahudi ti pangbuangan ti sakuliah dunya balik deui ka Yerusalem. Néhémiá pasti bagja pisan yén anjeunna parantos ngaréngsékeun padamelan anu dipasihannu ku Gusti, sanaos seueur pisan halangan.

Anjeunna netep di Yerusalem sareng ngabantosan jalma-jalma sangkan taat ka Allah salawasna.



Tembok Ageung Nehemiah


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Néhémia

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse

35

60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

